Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES ANONSE RÈGLEMAN FINAL NAN LWA SAFE POU TIMOUN YO POU PWOTEJE TIMOUN YO SOU ENTÈNÈT

Règleman final yo dekri kijan konpayi rezo sosyal yo ta dwe konfime laj itilizatè yo pou sispann piblikasyon ki kreye depandans ak notifikasyon lannwit pou timoun yo

Kontinye travay Gouvènè a k ap mennen nan peyi a pou limite piblikasyon ki kreye depandans, kreye pwoteksyon kont konpayon IA ki danjere, entèdi telefòn entelijan nan lekòl yo, mete etikèt avètisman sou rezo sosyal yo, epi pwoteje timoun yo kont konpòtman predatè sou entènèt

Nouyòk klase premye nan peyi a pou lwa teknoloji ki pwoteje timoun yo sou entènèt

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Letitia James te anonse jodi a piblikasyon règleman final yo sou fason konpayi rezo sosyal yo dwe mete restriksyon sou fonksyonalite ki kreye depandans sou platfòm yo pou yo konfòme yo avèk Lwa Sispann Eksplwatasyon Piblikasyon Adiktif (Stop Addictive Feeds Exploitation, SAFE) pou Timoun yo epi pwoteje sante mantal timoun yo. Lwa SAFE for Kids (Lwa Sekirite pou Timoun yo) ki se pyonye nan Nouyòk la egzije konpayi rezo sosyal yo pou yo mete restriksyon sou piblikasyon ki pèsonalize algoritmikman ak notifikasyon lannwit pou itilizatè ki poko gen 18 an, sof si yo jwenn konsantman paran yo. Piblikasyon algoritmik ak notifikasyon lannwit lye ak depresyon, enkyetid, twoub alimantè ak somèy, ak lòt pwoblèm sante mantal nan mitan timoun ak adolesan yo. Règleman yo ki pibliye jodi a etabli kritè pou klarifye ki platfòm ki sijè a egzijans SAFE for Kids yo epi dekri nòm pou detèmine laj itilizatè yo epi jwenn konsantman paran yo. Anons sa Kontinye travay Gouvènè Houchul la k ap mennen nan peyi a pou limite piblikasyon ki kreye depandans, kreye pwoteksyon kont konpayon IA ki danjere, entèdi telefòn entelijan nan lekòl yo, mete etikèt avètisman sou rezo sosyal yo, epi pwoteje timoun yo kont konpòtman predatè sou entènèt

"Lè m te antre an fonksyon, pitit nou yo te nan mitan yon kriz sante mantal total, e antanke premye manman Gouvènè Nouyòk, mwen te santi yon obligasyon moral pou m aji", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Jodi a, n ap voye yon mesaj klè: sante mantal timoun nou yo pa pou vann. Nou te pwomèt aksyon e Lwa SAFE for Kids la ap bay rezilta lè li asire ke nenpòt platfòm ki vize timoun nou yo ak piblikasyon ki krey

depandans pral fè fas ak konsekans legal. Olye pou timoun nou yo klike epi defile, yo pral aprann epi grandi."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Lwa SAFE for Kids la ap dirije nasyon an nan kenbe timoun nou yo an sekirite sou entènèt epi pwoteje jèn yo kont efè devastatè rezo sosyal san kontwòl. Lwa SAFE for Kids la ap dirije nasyon an nan kenbe timoun nou yo an sekirite sou entènèt epi pwoteje jèn yo kont efè devastatè medya sosyal san kontwòl. Jèn yo patikilyèman vilnerab fas ak fonksyon medya sosyal ki ka kreye depandans, epi biwo mwen an angaje pou pwoteje tout Nouyòkè yo kont teknoloji ki potansyèlman danjere ak konpayi ki eseye pwofite de yo."

Piblikasyon pèsonalize algoritmikman, oubyen piblikasyon ki kreye depandans, rekòmande oubyen pèsonalize kontni pou itilizatè yo nan piblikasyon san fen ki baze sou done platfòm nan rasanble sou itilizatè a. Yo fèt pou ankouraje yon itilizatè kontinye itilize epi retounen sou yon platfòm. Kontni ki parèt nan piblikasyon ki kreye depandans yo souvan soti nan kont yon itilizatè pa chwazi, li pa swiv, epi souvan li parèt nan lòd kwonolojik.

Yo konnen ke piblikasyon videyo ki kreye depandans lakòz yon move itilizasyon medya sosyal lakay minè yo, sa ki ka afekte sante mantal yo. Rechèch montre timoun ki gen ant 10 a 14 zan fè eksperyans itilizasyon rezo sosyal yon fason ki kreye depandans, epi plis timoun yo pase tan sou rezo sosyal, se plis yo gen chans pou yo fè eksperyans pwoblèm sante mantal tankou depresyon, enkyetid, ak twoub alimantè ak somèy.

Lwa SAFE for Kids la adrese pwoblèm sante mantal sa yo pou timoun yo lè li egzije konpayi medya sosyal yo pou mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans pou itilizatè ki poko gen 18 an. Olye piblikasyon enfòmasyon pèsonalize ak algoritm ki fèt pou kenbe jèn yo sou platfòm nan, itilizatè ki poko gen 18 an pral sèlman wè kontni ki soti nan lòt kont yo swiv oubyen yo chwazi nan yon sekans defini, tankou lòd kwonolojik, sof si yo jwenn konsantman paran yo pou piblikasyon enfòmasyon ki kreye depandans. Yo pa ka bloke itilizatè yo sou platfòm nan tou senpleman paske yo pa vle oswa yo pa gen konsantman paran yo pou piblikasyon videyo ki kreye depandans. Okontrè, tout itilizatè yo ap toujou kapab jwenn aksè ak menm kontni yo kapab jwenn aksè kounye a. Lalwa a entèdi tou platfòm rezo sosyal yo voye notifikasyon bay itilizatè ki poko gen 18 an soti minwi pou rive 6è dimaten san konsantman paran yo.

Siyen an jen 2024 pa Gouvènè Hochul kòm yon lwa, Lwa SAFE for Kids la otorize Biwo Pwokirè Jeneral la (Office of the Attorney General, OAG) pou pibliye règ sou kijan konpayi yo ta dwe konfòme yo avèk lwa a anvan lwa a antre an vigè, tankou règleman ki fikse estanda endistri pou detèmine laj yon itilizatè epi pou jwenn konsantman paran yo. OAG a te pibliye yon avi davans sou pwopozisyon règleman an nan dat 1e out 2024, epi li te bay piblik la yon peryòd 60 jou pou soumèt kòmantè. Yo te rann règleman yo te pwopoze yo piblik pou konsiltasyon nan dat 15 septanm 2025. OAG a te entegre opinyon piblik la, rechèch nan endistri a, ak eksperyans enpòtan li pou enfòme règleman yo pwopoze a ak règleman final yo.

Asirans Laj

- Anba lalwa ak règleman yo, konpayi medya sosyal yo dwe detèmine si yon itilizatè se yon adilt anvan yo ba li piblikasyon algoritmik ak/oswa notifikasyon lannwit. Konpayi yo ka konfime laj yon itilizatè lè l sèvi avèk nenpòt metòd ki satisfè kritè presizyon yo epi pwoteje done itilizatè yo jan règleman yo tabli. Konpayi yo ka itilize opsyon tankou:
    - Mande pou yo soumèt yon foto oswa yon videyo; oswa
    - Verifye adrès imèl oswa nimewo telefòn yon itilizatè pou verifye lòt enfòmasyon ki reflete laj itilizatè a.
- Konpayi rezo sosyal yo dwe ofri omwen yon lòt metòd pou verifye laj anplis bay yon pyès idantite ki soti nan gouvènman an.
- Nenpòt enfòmasyon ke yo itilize pou detèmine laj oswa pou jwenn konsantman paran yo pa dwe itilize pou okenn lòt rezon epi yo dwe efase oswa retire idantifikasyon li imedyatman apre yo fin itilize li. Konpayi medya sosyal yo dwe itilize sèlman kantite done minimòm ki nesesè pou konfime laj yon itilizatè.
- Itilizatè minè yo dwe gen yon opsyon pou mete ajou sitiyasyon laj yo sou platfòm nan lè yo gen 18 an.
- Konpayi rezo sosyal yo dwe chwazi yon metòd asirans laj ki gen yon gwo pousantaj presizyon, fè tès chak ane, epi konsève rezilta tès yo pou yon minimòm 5 an.

Konsantman paran yo

- Minè yo dwe mande pèmisyon klèman si yo vle sèvi ak opsyon ki bloke yo, epi yo dwe asepte pou sistèm nan prevni paran yo de sa. Nenpòt paran ki vle bay konsantman dwe pase nan yon sistèm verifikasyon laj.
- Platfòm nan pa gen dwa anpeche yon itilizatè ki minoritè gen yon aksè jeneral sou li oswa sou kontni l yo, pa egzanp, atravè rechèch, tou senpleman paske li menm oswa paran l refize bay konsantman yo.
- Paran yo ak minè yo dwe gen opsyon pou retire konsantman yo nenpòt ki lè.

Lwa SAFE for Kids la ak règ li yo aplike pou "Platfòm sou Entènèt ki Kreye Depandans," ki defini kòm platfòm ki montre kontni ki pwodui pa itilizatè yo epi ki gen itilizatè ki pase omwen 20 pousan nan tan yo sou piblikasyon depandans platfòm nan, mezire sou yon peryòd sis mwa.

Ou ka jwenn tout règ final yo sou sitwèb OAG a. Yo pral pibliye règleman final yo nan Rejis Eta a nan dat 29 jiyè 2026. Lwa SAFE for Kids la antre an vigè 180 jou apre, nan dat 25 janvye 2027.

Pou konpayi ki vyole Lwa SAFE for Kids la, lalwa a otorize OAG pou l mennen yon aksyon pou l sispann vyolasyon yo epi tou pou chèche penalite sivil ki rive jiska 5,000 dola pou chak vyolasyon, pami lòt solisyon.

Senatè Andrew Gounardes, te deklare, "Mwen te vote lwa sa a pou yon rezon senp: sekirite timoun yo ta dwe vini anvan pwofi gwo konpayi teknoloji yo. Lwa SAFE For Kids la pwoteje timoun yo kont algoritm ki kreye depandans, ki fòse yo ba yo kontni yo pa vle epi ki mete sante mantal yo an danje. Nouvo règleman sa yo bay lwa lavi lè yo kenbe jèn yo an sekirite tout pandan y ap pwoteje vi prive sou entènèt Nouyòkè yo epi rann konpayi medya sosyal yo responsab. Mèsi ak Pwokirè Jeneral James pou travay esansyèl li pou reyalize sa. Ansanm, n ap bati yon entènèt ki pi an sekirite e ki pi bon pou tout Nouyòkè yo."

Manm Asanble Nily Rozic, te deklare, "Antanke manman ak lejislatè, pwoteje pitit nou yo se youn nan pi gwo priyorite mwen. Règleman final SAFE for Kids yo se yon gwo pa nan direksyon pou rann platfòm medya sosyal yo responsab epi pwoteje timoun yo kont karakteristik danjere ak depandans. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James pou lidèchip yo ak pou asire ke Nouyòk kontinye pran devan nan bay fanmi yo priyorite."

Fondatè ak Prezidan Egzekitif Jeneral Common Sense Media, James P. Steyer, te deklare, "Nou felisite Pwokirè Jeneral Letitia James ak ekip li a pou travay ekstrawòdinè ki te fèt pou devlope règleman final yo pou aplike Lwa SAFE for Kids la. Lwa SAFE for Kids la, ak nouvo règleman final sa yo pou aplike epi fè respekte li, gen potansyèl pou tounen yon pa annavan nan pwoteksyon timoun yo kont karakteristik konsepsyon rezo sosyal ki kreye depandans. Nou pwofondman rekonesan anvè lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Pwokirè Jeneral James, ak lejislatè eta a ki te defann lwa istorik sa a. Nouyòk ap etabli yon estanda nasyonal pou pwoteje timoun yo sou entènèt lè li konsantre sou diminye piblikasyon rezo sosyal ki kreye depandans epi limite notifikasyon ta nan mitan lannwit ki deranje somèy ak byennèt timoun yo. Gen plis travay ki rete pou fèt pou pwoteje timoun yo kont risk IA ak rezo sosyal yo, men lwa sa a ak règleman final li yo se yon etap istorik."

Fondatris ak Direktris Egzekitif Mothers Against Media Addiction (MAMA) Julie Scelfo, te deklare, "Lwa SAFE for Kids nan Nouyòk la se lejislasyon ki pi solid nan peyi a pou pwoteje timoun yo sou entènèt la lè li asire yo pa ekspoze ak algoritm ki kreye depandans k ap sikile sou platfòm rezo sosyal yo. Nouvo règ sa yo se yon etap enpòtan ak esansyèl nan aplikasyon lejislasyon istorik sa a epi yo bay yon chemen pou lòt eta yo swiv. MAMA rekonesan anvè Pwokirè Jeneral James ak ekip li a pou efò atansyon ak pyonye yo te fè a. Lè Nouyòk konbat pwoblèm piblikasyon ki kreye depandans ak danjere yo dirèkteman, li bay sekirite ak byennèt timoun nou yo priyorite anvan pwofi Gwo Konpati Teknoloji yo."

Anons sa ranfòse efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou adrese kriz sante mantal jèn yo atravè tout eta a epi ede kenbe timoun yo an sekirite sou entènèt. Travay sa a etabli Nouyòk kòm yon lidè mondyal nan garanti yon mond sou entènèt ki pi an sekirite pou

timoun yo, e apati ane sa a Nouyòk klase nimewo en nan Etazini pou lwa ki pwoteje timoun yo sou entènèt. Anplis Lwa SAFE for Kids la, inisyativ yo gen ladan yo:

- Lwa Child Data Protection (Pwoteksyon Done Timoun) lan, ki anpeche operatè sou entènèt yo ranmase epi fè lajan sou done timoun yo san konsantman enfòme.
- Lejislasyon sou Companion AI (Konpayon IA), ki mete premye pwoteksyon nan peyi a, ki redirije konvèsasyon itilizatè yo sou blese tèt yo pou ale nan resous sante mantal, epi ki entèwonp konpòtman depandans ki pa bon.
- Gouvènè a entèdi materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon entelijans atifisyèl.
- Pwogram Dekonekte epi Ale Jwe (Unplug and Play) a, ki ede ankouraje bon sosyalizasyon ak devlopman timoun yo lè li finanse enfrastrikti sosyal, espas fizik tankou pak/lakou jwèt, sant kominotè ak pisin, epi li elaji pwogram pou jèn yo.
- Règleman Aprantisaj San Distraksyon Nouyòk la (New York’s Distraction Free Learning Policy), ki egzije restriksyon atravè tout eta a, sou itilizasyon telefòn entèlijan nan lekòl K-12 (soti nan kindègadenn rive nan 12yèm ane) yo soti nan premye rive nan dènye son klòch la, ki deja bay pi bon rezilta akademik, te amelyore byennèt elèv yo, ak anviwònman lekòl ki pi an sekirite pou elèv yo.
- Pwojè lwa sou Etikèt Avètisman sou Rezo Sosyal ki pral egzije konpayi rezo sosyal yo afiche avètisman sou enpak potansyèl platfòm la sou sante mantal.
- Lwa Pwoteksyon depi nan Konsepsyon an (Safe by Design Act), ki pwoteje timoun yo kont konpòtman predatè sou entènèt epi ki mete yo nan pi wo paramèt konfidansyalite yo pa defo.
- Fòmasyon Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan ki bay jèn yo konpetans pou rekonèt siy ak sentòm komen pwoblèm sante mantal ak abi sibstans epi konnen kijan pou yo mande èd.
- Espas Sekirite pou Jèn yo, kote òganizasyon kominotè yo fè konfyans bay anviwònman ki bay sipò, san jijman, kote jèn yo ka jwenn aksè ak resous byennèt mantal, ankouraje relasyon pozitif ant jèn yo, epi patisipe nan aktivite ki pa klinik.
- Kanpay sansibilizasyon piblik "Power Down, Speak High" (Etenn Aparèy yo, Fè Tande Vwa w), lanse pa Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta Nouyòk ki ede bay jèn yo pouvwa nan tout eta a pou yo rekonèt epi reponn ak abi sou entènèt, tout pandan y ap bay paran yo, edikatè yo ak lapolis zouti pou ede kenbe jèn yo an sekirite sou entènèt.
- Fòmasyon OPDV a sou Vyolans ki Baze sou Sèks ak Teknoloji (Technology-Facilitated Gender-Based Violence, TFGBV) deja fòme plis pase 4,000 jèn, paran, edikatè ak pwofesyonèl fòs lòd sou prevansyon ak repons a abi sou entènèt.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.